

Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

Lis kontwòl sekirite pou yon tanpèt pandan livè

Yon tanpèt pandan livè se kapab lanèj k ap tonbe enpe pandan kèk èdtan rive nan yon bliza kote lanèj pa pèmèt moun wè devan yo e van ap soufle pandan plizyè jou. Gen tanpèt pandan livè ki ase gwo pou afekte plizyè Eta, alòs gen lòt ki afekte sèlman yon sèl kominote. Gen anpil tanpèt pandan livè ki vini avèk tanperati ki danjrezman ba e pafwa avèk gwo van, glas, font lanèj ak lapli ki tounen glas.

Aprann diferans ki genyen yo

Previzyon yon tanpèt pandan livè
Kondisyon pou yon tanpèt pandan livè kapab posib nan pwochen 2 a 5 jou yo.

Anons move tan pandan livè

Kondisyon pou gen yon move tan pandan livè sipoze reyalize e yo kapab pwovoque gwo pwoblèm e yo kapab danjre. Si yo pran prekosyon ki konvab, sityasyon sa yo pa ta dwe menase lavi moun.

Siveyans pou tanpèt pandan livè

Kondisyon pou yon tanpèt pandan livè kapab posib pandan pwochen 36 a 48 èdtan k ap vini yo. Moun ki rete nan yon zòn ki anba obsèvasyon ta dwe konsilte plan pou tanpèt pandan livè yo e yo ta dwe byen enfòmè osijè kondisyon lameteyo yo.

Avètisman pou tanpèt pandan livè

Kondisyon lameteyo ki menase lavi moun e ki grav deja kòmanse oswa y ap kòmanse nan pwochen 24 èdtan k ap rive yo. Moun ki abite nan yon zòn avètisman an endike ta dwe pran prekosyon san pèdi tan.

Kisa mwen ta dwe fè ?



- Mete plizyè kouch rad ki leje, mete gan ak bonèt n (de preferans yon bonèt ki kouvri zòrèy ou).
- Mete bòt ki pa pran dlo e ki kenbe chalè pou pye w pa frèt, pou yo rete sèk e pou w pa pèdi ekilib lè w ap mache sou lagas oswa nan lanèj.
- Evite deplase w. Si w blije deplase, mete yon twous rezèv ravitayman nan machin ou.
- Koute Radyo Lameteyo NOAA oswa lòt pòs nouvel lokal pou w konnen enfòmasyon enpòtan ki sòti nan Sèvis nasyonal lameteyo (NWS).
- Òganize machin ou a pou livè e kenbe tank gaz la ranpli nèt. Le tank gaz la ranpli nèt, l ap anpeche glas fòmè nan kanalizasyon gaz ki alimante motè machin la.
- Adapte tout mi kay ou avèk materyo izolan ki kenbe chalè : enstale doub fenèt anti-tanpèt oswa kouvri fenèt yo avèk plastik pa anndan pou pa kite lè frèt la antre.
- Fè antretyen ekipman chofaj la ak chemine yo, fè netwaye yo e enspekte yo chak ane.
- Fè tout bèt ou yo/bèt konpayi w yo antre pandan move tan ivènal la. Deplase lòt bèt oswa betay yo nan zòn ki pwoteje kote y ap jwenn dlo ki pa tounen glas.
- Dlo k ap koule, menmsi se se lantman, pèmèt tiyo yo pa bouche ak glas.
- Tout ekipman ki brile kabiran fèt pou yo degaje vapè ak lafimen yo andeyò kay la e pou anyen pa bouche yo.

Ijans ki gen pou wè avèk fredri

- Mak fredri sou lapo** ak **ipotèm** se de (2) ka ijans ki danjre e ki kapab menase lavi moun. Aprann fason pou swen ka ijans sa yo pandan ou pran klas premye swen.

Ki founiti mwen ta bezwen ?



- Dlo—yon rezèv pou omwen 3 jou; yon galon pa moun pa jou
- Manje—yon rezèv pou omwen 3 jou manje ki pa gate fasil, e ki fasil pou pare
- Yon flach
- Yon radyo avèk pil oswa avèk yon manivèl (Radyo Lameteyo NOAA, si posib)
- Rezèv pil
- Twous premye swen
- Medikaman (rezèv pou 7 jou) ak atik medikal (aparèy pou tande byen avèk yon rezèv pil, linèt, lantiy kontak, sereng, baton pou mache)
- Outil miltifonksyonèl
- Atik sanitè ak atik pou ijyèn pèsònèl
- Kopi dokiman pèsònèl (lis medikaman ak lòt enfòmasyon medikal enpòtan, dokiman ki pwouve kote w rete a, tit pwopriyete, paspò, batistè, kontra asirans yo)
- Selilè avèk chajè yo
- Nimewo kote pou kontakte fanmi w ak pèsònèl ijans
- Lajan kach
- Atik pou tibebe (bibwon, melanj pou tibebe, manje pou tibebe, kouchèt)
- Atik pou bèt (kolye, lès, idantite, manje, bwat pou pote yo, bòl)
- Zouti/founiti pou ranfòse kay ou
- Sab, gwo sèl oswa lityè chatki pa fè boul pou kapab fè koulwa ak eskalye yo mwen glisan
- Manto cho, gan oswa mitèn, chapo, bòt ak kouvèti e rad cho pou tout moun nan fanmi w
- Plizyè lòt mwayen pou fè chofaj, tankou chemine oswa fou ki mache ak achabon oswa avèk bwa

Kisa pou m fè apre yon loraj ?



- Ale nanabri piblik yo endike a si pa gen kouran lakay ou oswa si w pa kapab chofe pandan peryòd gwo fredri yo.
- Evite kondwi machin ou lè kondisyon yo prezante lanèj k ap fonn, lapli ki tounen glas oswa tigout lapli tou piti ki tounen glas, lanej oswa brouya epè.
- Anvan ou kòmanse fè gwo travo fatigan lè tanperati a trè ba, analize eta sante fizik ou, faktè lameteyo yo ak ki kalite aktivite li ye.
- Pwoteje tèt ou kont mak fredri a fè sou po w ak kont ipotèmi : mete rad ki cho, ki lach, ki leje an plizyè kouch. Rete-andedan lakay ou, si sa posib.
- Ede moun ki bezwen yon asistans espesyal tankou granmoun ki abite pou kont yo, moun ki andikape ak timoun.
- Kontwòle si bèt ou genyen yo pa gne pwoblèm et asire w wout yo pou yo kapab jwenn manje ak dlo pa bloke akòz pil lanèj, glas oswa lòt obstak toujou. Si posib, fè yo antre anndan kay la.

Atansyon : Monoksid kabòn kapab tiye moun

- Pa janm sèvi ak yon jeneratris, yon gril oswa yon fou pou kanping oubyen lòt aparèy ki brile gazolin, pwopan, gaz natirèl oswa chabon andedan yon kay, yon garaj, yon kav, yon espas ant mi fondasyon yo oswa nan kèlkeswa andwa ki pasyèlman fèmèn. Plase aparèy ki ka pèmèt pou monoksid kabòn antre anndan kay la lwen pòt, fenèt ak vantilasyon segondè yo.
- Premye danje ou dwe evite lè w ap sèvi ak yon lòt sous elektrisite, chofaj oswa pou kwit manje se anpwazonman avèk monoksid kabòn, chòk elektrik ak dife.
- Enstale alarm pou detekte kabòn monoksid nan anplasman santral sou chak etaj lakay ou e ak deyò zòn kote moun dòmi pou w kapab avèti rapidman lè monoksid kabòn ap akimile yon kote.
- Si siren alarm pou deteksyon kabòn monoksid la kòmanse sonnen, ale rapidman nan yon andwa deyò ki gen lè fre oswa ale akote yon fenèt oswa yon pòt ki louvri.
- Rele pou mande asistans lè w rive nan kote ki gen lè fre a e rete la a jiskaske pèsònèl ijans la rive pou ede w.

Kite fanmi w konnen ou an sekirite

Si kominote w te sibi yon gwo tanpèt pandan livè, oswa nenpòt ki kalite dezaz, enskri w nan sit Wèb [Kwa-Wouj Ameriken An sekirite](http://Kwa-Wouj.Ameriken.An/sekirite) e anfòm ki disponib grasa RedCross.org/SafeandWell pou kite fanmi w ak fanmi w konnenkijan ou ye. Si w pa gen Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri tèt ou anvan ak fanmi w.



Si w bezwen plis enfòmasyon sou preparasyon pou dezaz ak ijans, ale nan RedCross.org.